



Lè timoun maltrete, sa fè mal.
Men kapab gen gerizon.

**Epi, chimen
gerizon an kòmanse
isit la menm.**

Children's Advocacy Center ofri sèvis
Vini kontre ak Fòmasyon tou, pou ogmante vijilans ak
konesans sou kesyon maltrete oswa esplwate timoun.

Kontakte Nou Nan:

The Children's Advocacy Center of Suffolk County

989 Commonwealth Avenue, Boston, MA 02215-1308

Téléfòn (617) 779-2146 Entènèt cac@suf.state.ma.us

www.suffolkcac.org




The Children's Advocacy Center
of Suffolk County se yon pwogram
Suffolk County District Attorney's
Office, k ap travay avèk Children's
Advocacy Center of Suffolk County,
Inc., yon òganizasyon 501(c)3 ki
pa travay pou benefis.



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

Gerizon Koumanse Isit la.



Gerizon Kòmanse Isit la

Premye Pa a

Move tretman. Pawòl sa a poukont li, se yon pawòl ki difisil anpil pou tandè. Epi, lè yo te maltrete yon timoun, sa pi difisil ankò pou konnen kote pou al chèche èd, konsèy, ak moun ki pran ka w.

Premye pa a, se Children's Advocacy Center of Suffolk County (CAC) [Sant pou Defann Timoun nan Suffolk County (CAC, nan lang angle)]. CAC gen esperyans pou ede timoun ak fanmi regle tout bagay kòm sa dwa nan yon sistèm ki konplike, san yo pa bliye sa ki pi enpòtan an:

Sekirite ak Byennèt Timoun lan.

Yon Metòd Totalkapital

Children's Advocacy Center of Suffolk County travay ansanm avèk tout ajans ak espesyalis ki nesèsè pou mete yon plan aksyon sou pye.

Nou mete tèt nou ansanm, pou travay, avèk lapolis, komisè gouvènman, defansè, pwofesyonèl medikal ak sante mantal, epi ak lòt kote tou, pou nou bay bon jan sèvis espesyalize pou timoun ki maltrete ak pou fanmi yo. Anplis, nou fè anpil nan sèvis nou yo nan lokal nou an, ki fèt pou timoun santi yo byen, pou moun santi yo alèz, epi ki fasil pou jwenn.

Bay timoun ki maltrete ak fanmi yo asistans vle di pou okipe kondisyon fizik, emosyonèl, ak legal ki antre nan sitiyasyon move tretman an. Epi sa mande tou yon repons kote espesyalis pwofesyonèl travay ansanm pou redui tèt chaje pandan pwosesis ankèt ak entèvansyon an.

Men sèvis Children's Advocacy Center bay:

Ankèt Ekip Plizyè Espesyalis [Multidisciplinary Team (MDT)]:

yon repons rapid ki soti nan plizyè ajans pou kapab konnen akèl sa ki te rive timoun lan

Entèvyou Medikal ak Legal:

se yon sèl entèvyou avèk timoun lan, kote yon moun k ap fè entèvyou, epi ki gen fòmasyon espesyal pou sa, pran ka timoun lan san li pa mete pawòl nan bouch li

Defans:

èd, enfòmasyon ak rekòmandasyon, pou ede jwenn sèvis ki nesèsè epi pou ede fanmi nan pwosesis pou ale devan lajistis

Sèvis Medikal:

evalyasyon ak konsiltasyon pwofesyonèl medikal, espesyalis nan sèvis pou timoun ki viktim move tretman ak eksplwatasyon fè

Sèvis Sante Mantal:

entèvansyon nan sitiyasyon kriz, èd, ak rekòmandasyon pou resous konseye espesyalize

